

Konsèy Jistis Anviwònmantal (EJC)

Reyinyon #19

Jedi 13 mas 2025

Kote: Bibliyotèk Piblik Framingham (Costin Room), 49 Lexington St, Framingham,
MA 01702

6:30 pm rive 8:00 pm

Pwosè Vèbal Reyinyon an

Kote Reyinyon an Fèt: An pèsòn

Dokiman reyinyon an: [Ajenda](#), [Slide \(prezantasyon Powerpoint\)](#)

Manm Konsèy yo:

- María Belén Power, Sou- sekretè EEA pou EJ & Ekite (an pèsòn)
- Kalila Barnett
- Madeline Fraser Cook
- Melissa Ferretti
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Namrita Kapur
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Peter Maathey
- Sofia Owen
- Jen Salinetti
- Patricia Spence
- Ari Zorn
- Miles Gresham

1. Akèy ak Apèsi sou Lojistik Reyinyon an

María Belén Power te akeyi tout patisipan yo. María Belén te rekonèt demisyon ansyen manm konsèy Namrita Kapur.

Kecil John te bay yon apèsi sou lojistik reyinyon an, tankou itilizasyon bwat kesyon ak repons lan (K&R) ak disponiblite entèprèt yo.

2. Apèsi sou Ajenda a

María Belén Power te revize ajenda reyinyon an.

3. Apèl/ Apwobasyon Pwosè Vèbal Reyinyon Anvan yo

María Belén Power te fè yon apèl manm EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, manm konsèy sa yo te prezan: **Kalila Barnett, Melissa Ferretti, Cheryll Holley, Caroline Hon, Lydia Lowe, Marcos Luna, ak Sofia Owen.**

Manm konsèy sa yo pa t prezan: **Madeline Fraser Cook, Peter Maathey, Ari Zorn, ak Miles Gresham**

María Belén Power te ouvri deba a pou yon mosyon adopsyon pwosè vèbal reyinyon anvan an. **Melissa Ferretti** te fè mosyon pou apwouve. **Kalila Barnett** te apiye mosyon an. Tout manm konsèy prezan yo te aksepte pwosè vèbal yo, eksepte **Jen Salinetti** ak **Madeline Fraser Cook** ki te abstrenn paske yo pa t patisipe nan reyinyon anvan an.

4. Premye Seyans Kesyon ak Repons Piblik

Okenn patisipan piblik pa fè kòmantè vityèlman oswa an pèsòn.

5. Prezantasyon Eversource, Framingham Geothermal Pilot Project.

Oratè envite **Nikki Bruno, Vis Prezidan Teknoloji Eversource**, te fè yon prezantasyon sou Pwojè Pilòt Geothermal Framingham. Eversource te fè sansibilizasyon kominotè, li te òganize evènman kominotè, epi li te fè demachaj pou bay konsomatè yo enfòmasyon sou aplikasyon pwojè jewotèm al yo a.

Manm Konsèy yo te mande ransèyman sou chanjman yo te fè nan pwojè a apre pwojè pilòt inisyal la, klarifye tèm "Ka Pousantaj la", ki jan Eversource ap kontwòle eksperyans kliyan an, ak nan ki mezi pwojè sa a ap sèvi kòm yon etid ka epi elaji.

6. Prezantasyon Eversource, Konprann Bòdwo Gaz Natirèl ou.

Oratè Envite **Erin Engstrom, Direktè Afè Regilasyon Eversource**, te fè yon prezantasyon sou konpreyansyon detay yon bòdwo gaz natirèl Eversource. Konpozan bòdwo yo gen ladan livrezon ak founiti, avèk frè livrezon ki detaye pa chaj kliyan an, distribisyon, separasyon revni, ak ajisteman distribisyon. Eversource gen de pwogram èd pou konsomasyon, pwogram Efikasite Enèjetik ak MassSAVE yo.

Manm Konsèy yo te mande ransèyman sou enpak pwogram MassSAVE la sou aksesibilite enèji, pwogram rabè a, ak fason pou amelyore aksesibilite pou kominote ki gen revni fèb yo.

7. Dezyèm Seyans Kesyon Piblik ak Repons

Yon patisipan piblik te remèsye manm konsèy yo ak prezantatè yo. Yo pa t poze okenn lòt kesyon ni fè lòt kòmantè.

8. Pwochen Etap ak Sispansyon Reyinyon an

María Belén te raple manm konsèy yo pwochen reyinyon an nan **Pittsfield, MA**. **María Belén** te mande si manm konsèy yo te enterese a sijè patikilye. **Caroline Hon**, **Marcos Luna**, ak **Sofia Owen** te pwopoze sijè pou pwochen reyinyon yo.

María Belén te mande yon mosyon pou sispann reyinyon an. **Caroline Hon** te mande pou l sispann. **Melissa Ferretti** te apiye. Sophia Spungin te fè apèl epi tout manm konsèy prezan yo te apwouve. Reyinyon an te sispann a **8:08 pm**.